КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэщ
ФОКIАДЭМ и 1-р
Налшык къалэм и махуэщ
КъБР-м и Конституцэм и махуэщ
ЩIэныгъэхэм я махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№105 (24.855) • 2025 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 30, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы туменщ •

## Ипэкlэ докlуатэ, лъагапlэщlэхэм дынос

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Республикэм и махуэмкIэ цIыхухэм зэрехъуэхъур**

ПщIэ зыхуэсщI си хэкуэгъухэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэмкIэ сынывохъуэхъу!

А махуэм дэ хыдолъагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Урысейм хэту и къэралыгъуэ щигъуэта зэманым къыщыщIэдзауэ къикIуа гъуэгуанэр зэрыщыту. Ар я дамыгъэщ лъэпкъ куэду зэхэт цIыхубэм я къекIуэкIыкIам, абыхэм я ехъулIэныгъэхэмрэ экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм зегъэужьынымкIэ, я псэкупсэ, щIэныгъэ зэфIэкIхэр нэхъри гъэбыдэн и лъэныкъуэкIэ здынэса лъагапIэхэм.

Дэ икъукIэ пщIэшхуэ яхудощI дяпэ итахэм зэфIагъэкIахэм, дрогушхуэ зауэ, лэжьыгъэ IэнатIэхэм щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм икIи фIыщIэ яхуэтщIу захудогъазэ ноби зи IуэхущIафэкIэ, щIэныгъэрэ зэчийкIэ республикэм илъ хъерыр зыгъэбагъуэхэм, абы и къэкIуэнур дахэу щытыным хуэщхьэпэхэм.

ФIыщIэ псалъэ хэхахэр яжызоIэ ди зауэлIхэм - дзэ Iуэху хэхам и гуащIэгъуэм хэту щIыхь пылъу зи къалэнхэр зыгъэзащIэхэм, Урысейм и щхьэхуитыныгъэр, шынагъуэншагъэр зыхъумэхэм.

Зэманым къытпигъэув гугъуехь къызэрымыкIуэхэм щхьэкIи къэмынэу, дэ зыужьыныгъэм хуэгъэза къалэнышхуэхэр зыхудогъэувыж, ипэкIэ докIуатэ, зы лъэбакъуэм адрейр къыкIэлыкIуэу лъагапIэщIэхэм дынос.

Шэч къытесхьэркъым дызэкъуэту, ди дамэпкъхэр зэгъэкъуауэ дэ гугъуехьхэм дазэрыпэлъэщынум, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым, ди Хэкушхуэм исхэм я псэукIэр ефIэкIуэн папщIэ зыхуэдгъэувыжа мурадхэр зэрызэдгъэхъулIэнум.

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу фыузыншэну, мамыру, фи Iуэхухэр ефIакIуэу, зэIузэпэщу фыпсэуну.



«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэр яфIэщыным и IуэхукIэ

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Iуащхьэмахуэ щIыналъэм хыхьэ Тырныауз къалэм къыщыхъуа къызэрымыкIуэ щытыкIэм щыгъуэ я къалэнхэр хьэлэлу зэрагъэзэщIам, я IэщIагъэм зэрыхуэIэзэр къызэрагъэлъэгъуам папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэр яфIэщын:

**Ахматов Мурадин Магомед и къуэм** - «Iуащхьэмахуэ гъуэгу управленэ» жэуап зэпыгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорым,

**Тохаев Хьисэ Мэжит и къуэм** - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ щIыналъэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и Советым и унафэщIым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм шыщхьэуIум и 26-м*
*№92-УГ*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и IуэхукIэ

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЕхъулIэныгъэхэр яIэу илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр етын**

**Пащты Сэлим Мухьэрбэч и къуэм** - Жуковымрэ Ушаковымрэ я орденхэр зезыхьэ 810-нэ гвардейскэ тенджыз лъэсрыкIуэдзэ гупым и штабым и унафэщIым;

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын**

**Мамхэгъ Велимир Михаил и къуэм** - Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм административно-техникэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ и управленэм и унафэщIым,

**ШэнтIыкъу Аслъэн Анатолэ и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и дохутыр-методистым - (дзэ-дохутыр экспертизэмкIэ) центрым и унафэщIым;

**цIэ лъапIэхэр яфIэщын:**

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ артист»**

**Царикаев Феликс Виктор и къуэм** - зи лэжьыгъэр фейдэ къемыгъэщIыным хуэгъэпса «Красногорск и филармоние» щэнхабзэ-узэщIыныгъэ центр» IуэхущIапIэм и артист-уэрэджыIакIуэм,

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и дохутыр»**

**Кульбаевэ Иринэ Адэлбий и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Республикэ клиникэ медико-хирургие центр» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал автономнэ IуэхущIапIэм и дохутыр нэхъыщхьэм медицинэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэм,

**Султановэ Маринэ Махъай и пхъум** - «Къэбэрдей-Балъкъэрым къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэм деж цIыхухэр къегъэлынымкIэ, медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэмкIэ и центр» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и дохутыр анестезиолог-реаниматологым,

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»**

**Мэлбахъуэ Къэралбий Ахьмэд и къуэм** - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и хъыбарегъащIэ-библиотекэ къудамэм и унафэщIым,

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ»**

**Рахаевэ Iэминат Хьэким и пхъум** - Прохладнэ муниципальнэ щIыналъэм щыIэ «Заречнэ къуажэм дэт курыт школ» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэм.

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и эколог»**

**Докукин Михаил Дмитрий и къуэм** - «Бгы лъагэ геофизикэ институт» федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм щIыуэпс къэхутэныгъэхэмкIэ и къудамэм и унафэщIым, щIэныгъэ лэжьакIуэ пажэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм шыщхьэуIум и 26-м*
*№93-УГ*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етыным и IуэхукIэ

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зегъэужьыным, къытщIэхъуэ щIэблэр гъэсэным хуищI хэлъхьэныгъэшхуэм икIи илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын **Чеченов Арсен Георгий и къуэм** - Шэрэдж муниципальнэ щIыналъэм и «Спорт еджапIэ №1» щIэныгъэ гуэдзэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм боксымкIэ и гъэсакIуэ-егъэджакIуэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм шыщхьэуIум и 27-м*
*№94-УГ*





# ЯтIэпсым и Iэужьхэр ягъэкIуэдыж

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ**I **Мусуков Алий лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ Iуащхьэмахуэ районым. Абы щыгъуазэ зищIащ мыхьэнэшхуэ зиIэ IуэхущIапIэхэр къанэ щымыIэу къэгъэщIэрэщIэжыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым, унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм щытепсэлъыхьа сессием хэтащ, апхуэдэуи иригъэкIуэкIащ Тырныауз къыщыхъуа къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм я Iэужьхэр гъэкIуэдыжыным ехьэлIа зэIущIэ.**

**Мусуков Алий** псом япэу щыIащ Тырныауз дэт «Геолог» спорт комплексым. Ар къызэIуахауэ щытащ илъэс 40 ипэкIэ икIи абы лъандэрэ къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным теухуа лэжьыгъэ зэи щекIуэкIакъым. Къалэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьыным теухуа программэм ипкъ иткIэ абы елэжьын щIадзащ 2024 гъэм и гъатхэм. Мусуков Алий жиIащ мы илъэсым и кIэухым ирихьэлIэу унэр зэгъэпэщыжыныр зэфIагъэкIыну къазэрыпэщылъым къыхэкIыу, лэжьыгъэхэр щIэгъэпсынщIэн зэрыхуейр. ИужькIэ абы зыщиплъыхьащ Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я зыужьыныгъэмкIэ центрым. Илъэс 70 хъуащ ар зэрыщыIэри, абы нэгъэсауэ зэи кIэлъыIэбакъым. Мы зэманым унэм йолэжь щIыналъэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьынымкIэ программэм хыхьэу. Центрыр къатитIу зэтет унэхэу плIы мэхъу, дэтхэнэри зэпыщIауэ. Правительствэм и УнафэщIыр зэгъэпэщыжыныгъэр зи нэIэм щIэтхэм епсэлъащ. Къыхигъэщащ Тырныауз дэт социальнэ IуэхущIапIитIым лэжьыгъэр зэрыщекIуэкIым езыр зэрыкIэлъыплъынур.

Мусуков Алий Iуащхьэмахуэ район администрацэм щахуэзащ щIыпIэм щыпсэухэм. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и цIэкIэ абы тырныауздэсхэм фIыщIэ яхуищIащ бадзэуэгъуэм къеха ятIэпсхэм я Iэужьхэр щагъэкIуэдыжым щIэгъэкъуэн зэрыхъуам папщIэ икIи къулыкъущIэ зыбжанэм фIыщIэ тхылъхэр яритащ.

АдэкIэ екIуэкIащ Тырныауз къалэмрэ Эльбрус къуажэмрэ я зыужьыныгъэм теухуа зэIущIэ зыубгъуа. А жылэхэр ящыщщ Урысейм и щIыпIэхэу щIыналъэм и экономикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ инвестицэ проектыщIэхэр щагъэзащIэхэм. Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ 2030 гъэ пщIондэ къалэмрэ къуажэмрэ ягъуэтыну социально-экономикэ зыужьыныгъэхэм ехьэлIа Iуэхухэм. Сессием апхуэдэу и гугъу щащIащ егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэн IэнатIэхэм, ЖКХ-м я щытыкIэхэм. Апхуэдэуи къыщаIэтащ жылагъуэ зэхуэсыпIэхэр егъэфIэкIуэным егъэщIылIа Iуэхухэри.

ИужькIэ зэхэтащ ятIэпсхэр зыщIэуа щIыпIэхэр зэIузэпэщ щIыныр зэрекIуэкIым теухуа зэIущIэ. Районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Отаров Мухъэтар** тепсэлъыхьащ къалэр зэрагъэкъэбзэжым, абы псэуныгъэм пыщIа IэнатIэхэр зэрыщызэфIагъэувэжым. Мы зэманым щыIэ щытыкIэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **Надежин Михаил**.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ гъуэгухэм, Герхожан-Су псым телъ лъэмыжым я щытыкIэм, апхуэдэу ятIэпс къех хъужыкъуэмэ, ар зэрыкIуэну кIэнауэр зэрырагъэфIэкIуэнум. Абы къыщыхагъэщхьэхукIащ псыхъуэр гъэкъэбзэныр къэрал IуэхущIапIэхэм я пщэ зэрыдэлъыр. Мы зэманым яубзыхуакIэщ ирагъэкIуэкIыну лэжьыгъэр зыхуэдизыр. ЗэIущIэм апхуэдэу къыщаIэтащ Iуащхьэмахуэ районым и ЖКХ-р дызыхуэкIуэ щIымахуэм зэрыхуэхьэзырыр. Нэхъыщхьэр, къыхигъэбелджылыкIащ Мусуков Алий, щIыналъэр, щызэблэу къэмыхъуу электрокъарукIэ, хуабэкIэ, псыкIэ къызэгъэпэщынырщ.

Абы къыдэкIуэу, Iуэхухэр зэгъэщIылIа министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ ящIащ къапэщыт къалэнхэр зэрагъэзэщIэм.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

# Лъэпкъ гупсысэкIэр тхуэхъумэрэ щIэблэр тхуэгъасэмэ...

**«Къэбэрдей-Балъкъэр» хъыбарегъащIэ IэнатIэм къызэригъэпэщри, дыгъуасэ Налшык къалэм ПечатымкIэ и унэм пресс-конференц щекIуэкIащ. Ар траухуат Урысей Федерацэм терроризмэм зэгъусэу щыпэщIэтыным и махуэм (фокIадэм и 3-м тохуэ). Фигу къэдгъэкIыжынщи, а фэеплъ махуэр ягъэуват 2004 гъэм фокIадэм и 1 - 3-хэм Беслъэн къалэм къыщыхъуа гузэвэгъуэм иужькIэ.**

РЕСПУБЛИКЭМ и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэмрэ блогерхэмрэ къаIущIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Къуэшырокъуэ Залымрэ** КъБР-м и Прокуратурэм и къудамэм и унафэщI **Шурдым Анзоррэ**.

- ЗэрытщIэжщи, 2004 гъэм фокIадэм и 1 - 3-хэм Беслъэн къалэм къыщыхъуа террор щIэпхъаджагъэм цIыху 330-м щIигъу, нэхъыбэр сабийуэ, хэкIуэдауэ щытащ. Апхуэдэ Iуэхугъуэ шынагъуэхэр иужькIи къыщыхъуащ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм. Ди республикэри абы щыгъуэм гугъуехьхэм хэтащ, къэрал къулыкъущIэхэми, хабзэхъумэхэми, хьэрычэтыщIэхэми щIэпхъаджащIэ гупхэр щатеуэ щыIэу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм я къарукIэ къызэтрагъэувыIэфащ IэщэкIэ узэда гупхэр. Ауэ, нобэми, а Iуэхур дызытеплъэкъукI мыхъунухэм ящыщщ, бзаджащIэхэм я мурадхэр IэщIыб зэрамыщIыр къэплъытэмэ. Нобэ дыхуейщ терроризмэм пэщIэтыным хуэгъэзауэ едгъэкIуэкI лэжьыгъэм фыщыдгъэгъуэзэну,




цIыхухэм я деж ахэр нэфхьэсыну, - жиIащ Къуэшырокъуэ Залым пэублэ псалъэу.

Шурдым Анзор тепсэлъыхьащ къаIэта Iуэхум мы зэманым мыхьэнэшхуэ зэриIэмрэ я лэжьыгъэр зэраубзыху щIыкIэмрэ.

Журналистхэмрэ хьэщIэхэмрэ тепсэлъыхьащ зи гугъу ящIым теухуауэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ къэрал IуэхущIапIэхэмрэ зэдэлэжьэным иIэ мыхьэнэм. «ЛъэныкъуитIми ди къалэнщ экстремизм гупсысэхэм цIыхухэр пэIэщIэ ящытщIыныр, жылагъуэ узыншэу, бэIутIэIуншэу дыпсэуным дытелэжьэныр. Абы щхьэкIэ къэрал IуэхущIапIэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр цIыхубэм я деж нэтхьэсын, социальнэ сетьхэм щызэбграгъэкI хъыбар нэпцIхэм пэIэщIэ тщIын хуейщ. Дауэ хъуми, терроризм Iуэхум хэтхэми цIыху нэхъыбэ зэрызэхашэн, къызэрыдахьэхын Iэмалыщхэр къагупсыс. Абыхэм цIыхухэр ящытхъумэнырщ фэри дэри дызэлэжыр», - къыхигъэщащ Къуэшырокъуэм.

Шурдым Анзор жиIащ экстремизм гупсысэхэр цIыхухэм нэхъыбэу къызырахыр Интернетыр зэрыарар, абы и лъэныкъуэкIэ зэпымыууэ IуэхущIапIэм социальнэ сетьхэр зэрыщIипщытыкIыр. «Ди къэкIуэнур зэпхар щIалэгъуалэрщ, абыхэм хэхауэ ди нэIэ ятетын хуейщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ахэри Iуэху мыхъумыщIэхэм щыхэхуэ къохъу. Абы и зы щапхъэщ иджыблагъэ ныбжьыщIи 5 дубыдын хуей щIэхъуар. Мы зэманым абыхэм я Iуэхур зэхыдогъэкIри, уегупсысмэ, псори унагъуэ хъарзынэхэм къыщохъу. ЖысIэнуращи, дэхуэхакъым, гугъуехь пэщIэхуакъым, я гупсысэр пэжымкIэ унэтIын хуейуэ аркъудейщ», - къыхигъэщащ Шурдымым.

Абы теухуауэ Къуэшырокъуэ Залым дыщIигъуащ мы зэманым къэралым щIалэгъуалэм ядэлэжьэным гулъытэшхуэ зэрыхуищIыр. «Курыт школхэм зэман кIыхькIэ егъэджэныгъэ къалэным фIэкIа ямыгъэзащIэу щытамэ, иджы къэралым законкIэ щIигъэбыдащ гъэсэныгъэ лэжьыгъэри еджапIэм пщэрылъ зэрыщащIыр. ЦIыхур и узыншагъэм зэрегугъум ещхьу, абы и гъэсэныгъэми кIэлъыплъыпхъэщ, унагъуэм исхэм я деж къыщыщIэдзауэ зыхыхьэ жылагъуэм щыщIэкIыжу. Абы щыгъуэщ зэныбжьэгъугъэр, лъэпкъ зэхущытыкIэхэр, хэку лъагъуныгъэр зыхащIэу щIэблэр къыщытэджынур», - жиIащ Къуэшырокъуэм.

Ар къытеувыIащ 2005 гъэм и жэпуэгъуэм Налшык къалэм щIэпхъаджащIэхэр къызэрытеуэрэ илъэс 20 зэрыдэкIыжам, икIи абы ипкъ иткIэ, КъБР-м и Iэтащхьэм пщэрылъ къазэрыщищIар республикэм щрагъэкIуэкIыну фэеплъ Iуэхугъуэхэр зыгъэбелджылыну къызэгъэпэщакIуэ гуп зэхашэну. Апхуэдэуи ар тепсэлъыхьащ терроризм, экстремизм Iуэхухэм къыхэкIыжын мурад зиIэхэр гъащIэм хэгъэзэгъэжынымкIэ КъБР-м и Iэтащхьэм деж щыIэ комиссэр зэрылажьэ щIыкIэми. «ЦIыху лъэпэрэпам и къуаншагъэр къыщыгурыIуэжкIэ ди щIыб хуэдгъазэркъым, апхуэдэхэм дадэIэпыкъуну дыхьэзырщ», - къыхигъэщащ къэпсэлъам.

Журналистхэр щIэупщIащ языныкъуэ мессенджерхэр цIыхухэм къагъэсэбэпыну хуитыныгъэ ямыIэу фокIадэ мазэм ящIыну къызэрыхалъхьар сэбэп зэрыхъуну щIыкIэм. Къуэшырокъуэм жиIащ илъэс зыбжанэ хъуауэ къэпщытэныгъэ ирагъэкIуэкIахэм ар къызэрыхэкIар, иджы абыхэм я пIэ зэрырагъэувэр ди къэралым езым и Iэмалхэр. Абыхэм цIыхухэр щахъумэнущ хъыбар нэпцIхэмрэ Iуэху мыхъумыщIэхэмрэ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ нобэрей щIэблэр Интернетым къызэрипшын, абы зэрызебгъэужьын Iэмал куэд къэралым къызэригупсысым. Псалъэм папщIэ, октябрята, пионер, комсомол зэгухьэныгъэхэм я пIэ «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» жылагъуэ IуэхущIапIэр къызэриувар, абы къалэнышхуэ зэрызэфIигъэкIыр, щIалэгъуалэ центрхэм дэтхэнэ сабийми и къэухьым сыт и лъэныкъуэкIи зэрызыщрагъэужьыфынур, нэгъуэщIхэри.

КъаIэта Iуэхухэм ящыщщ уэрамым зыгуэр къыщыхъуамэ, дэIэпыкъуэгъу хъун зэрыхуейр ящыгъупщэу, телефонхэмкIэ видео трахыу зэрыщIадзэр, ар къызэремызэгъыр цIыхухэм я деж зэрынэхьэсыпхъэри къыхагъэщащ.

ЖаIар щIигъэбыдэжу, Къуэшырокъуэм щапхъэу къихьащ Лъэпкъ щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ хабзэхэмрэ хъумэным ехьэлIауэ къэралыр зэлэжьыпхъэхэм и лъабжьэр УФ-м и Президентым и УнафэкIэ 2022 гъэм къызэрыдагъэкIар. «А дэфтэрыр хуэгъэзащ Урысейм щыпсэу дэтхэнэ лъэпкъми. Абы ехъумэ дгъэлъапIэ ди щIэинхэри, лъэпкъыбзэри, щэнхабзэри. Ди лъэпкъ гупсысэкIэр тхуэхъумэрэ щIэблэр тхуэгъасэмэ, къэкIуэн диIэнущ. Хэбгъэзыхьмэ, а дэфтэрым къыщыгъэлъэгъуахэр экстремизмэми зэрыпэщIэт Iэмалу къэплъытэ хъунущ», - дыщIигъуащ Къуэшырокъуэм.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Уи бгъуэщIым щыхохъуэ ди хэкум и гупсэр

Налшык и махуэм ирихьэлIэу

## ЩIыналъэ телъыджэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей Федерацэм хыхьэ субъектхэм ящыщу зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэ мыкIуэщI, тхыдэ, щэнхабзэ къулей зиIэ щIыналъэ телъыджэщ. Километр зэбгъузэнатIэ мин 12,5-рэ зыубыд, цIыху мин 900-м щIигъу щыпсэу ди республикэр Урысей Ипщэм къыщалъытэ политикэ, экономикэ, щIэныгъэ я лъэныкъуэкIэ зыужьыныгъэфI зыгъуэта щIыпIэу.**

**Тхыдэ гъуэгуанэ купщIафIэ къэзыкIуащ, щIыхьрэ пщIэрэ зыхуащIщ, зыми емыщхь теплъэ дахэ зиIэщ зи махуэшхуэр фокIадэм и 1-м зыгъэлъапIэ ди къалащхьэ Налшыки.**



ИДЖЫРЕЙ тхыдэджхэм къызэралъытэмкIэ, Кавказ къуршышхуэм и жьэгъум щIэлъ мэзылъэ щIыпIэм щежэх псы уэрым и Iуфэм илъэс 300-м щIигъу ипэкIэ, 1724 гъэм, къетIысэкIащ пщыхэу Къетыкъуэ Аслъэнбэч, Тэтэрхъан Жамбот, Жанхъуэт Кушыку сымэ я жылэхэр. Иджыпсту Налшык зэрыс щIыпIэр Къетыкъуэпщым и хэщIапIэу щытауэ жаIэ. Ауэ щыхъукIэ, 1724 гъэм къыщыщIидзащ къалащхьэм и тхыдэр, абы и ухуэныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ.

Ди къалащхьэм и «Налшык» цIэр къызытехъукIам теухуа Iуэху еплъыкIэхэри зэщхьэщокI. Языныкъуэхэм зэрыжаIэмкIэ, ар епхащ жылэр зэтIысэкIа псым и цIэм, апхуэдэуи налым хуэдэу къэгъэшауэ ар зыщIэтIысхьа бгы жьэгъум. Адрейхэм къызэралъытэмкIэ, ятIагъуэ бдзантхьэр щыкуэд щIыпIэм шыхэм ящIэлъ налыр щIичырти, «налщыч»-р абы къытекIащ. Дауэ хъуми, Налшыкым нобэ и дамыгъэщ налыр - насыпым, зэIузэпэщыгъэм, ехъулIэныгъэм я нэщэнэу адыгэхэм игъащIэми къалъытэр.

XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм Налшык хъуащ урысеипщым Кавказ линием щиухуа зауэ быдапIэ бжыгъэншэхэм ящыщ зы. 1838 гъэм абы щетIысэхащ урысыдзэм и сэлэтхэр. ЦIыху 2300-рэ дэсащ абы щыгъуэ Налшык. 1862 гъэм ар слобода хъуащ, илъэси 9 нэхъ дэмыкIыу зауэ быдапIэ статусыр Iуахыжри, граждан унафэ щызекIуэ жылэу яубзыхуащ. Налшык слободам щыпсэухэм щIыналъэ унафэщIхэм 1884 гъэм лъэIу тхылъ хуагъэхьауэ щытащ, а цIэ дыдэр зиIэ къалэ ар ящIыну, арщхьэкIэ а псори псалъэ къудейуэ къэнэжащ икIи слободар къалэ щащIар Жэпуэгъуэ революцэ иным иужькIэщ, совет властыр щIыпIэм щагъэувa нэужь.

1921 гъэм фокIадэм и 1-м Налшык хъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областым и къалащхьэ. 1936 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м - КъБАССР-м, иужькIэ, 1991 гъэм - КъБР-м я къалэ нэхъыщхьэщ.

XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм ди республикэм и къалащхьэ хъуа нэужь, Налшык теувaщ зыужьыныгъэ махуэм и лъагъуэм. Хэхъуэрт абы дэс цIыхухэм я бжыгъэм, къалэ экономикэм, промышленностым я зэфIэкIым, апхуэдэуи заузэщIырт бгъэдэлъ курорт Iэмалхэм. ЗыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэхэм цIэрыIуэ ищIа щIыналъэм щекIуэкI мамыр гъащIэр къызэпиудауэ щытащ 1941 гъэм къэхъея Хэку зауэшхуэм. Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр Налшык щыдэса зэман кIэщIым къриубыдэу хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ къалащхьэм и экономикэм. Налшыкдэс мини 9-м щIигъум я псэр ятащ ди Хэку-анэм и хуитыныгъэм папщIэ. Хэку зауэшхуэм щызэрахьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ щхьэкIэ, къалэм щыщ цIыхуи 8-м хуагъэфэщауэ щытащ «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъагэр, къалэдэс мини 10-м щIигъум иратащ нэгъуэщI къэрал дамыгъэ лъапIэхэр. МафIае илъэсхэм зэрихьа лIыгъэм папщIэ, 1985 гъэм Налшык къыхуагъэфэщауэ щытащ Хэку зауэ орденым и 1-нэ нагъыщэр. УФ-м и Президентым и УнафэкIэ 2010 гъэм Налшык къыфIащащ «Зауэ щIыхьым и къалэ» цIэ лъапIэри.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм къэралым щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэ ткIийхэм пхыкIыфащ къалащхьэр. Нобэ ар зыужьыныгъэмрэ зыузэщIыныгъэмрэ я гъуэгум ирикIуэу, гъащIэм и лъэныкъуэ куэдкIэ зэфIэкI лъагэхэр зыбгъэдэлъ жылэ Iумахуэщ. Къалэм и унафэм щIэтщ къедза жылэхэу Кэнжэ, Белая Речкэ, Хьэсэней, Iэдиихэ. Абыхэми заужь, заукъуэдий, экономикэ, щэнхабзэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IуэхущIапIэхэр щолажьэ.

Ди къалащхьэм дэтщ щIыналъэм и производственнэ фондым и нэхъыбапIэр, абы къыщалэжь республикэпсо продукцэм и процент 50-м щIигъур. Совет Союзым и лъэхъэнэм щыгъуэ Налшык цIэрыIуэ хъуауэ щытащ бгъэдэлъа промышленнэ зэфIэкIымкIэ. ЗыгъэпсэхупIэ щIыпIэу зэрыщытым къыдэкIуэу, ди къалащхьэм зыщаужьауэ щытащ электроникэ, машинэ ухуэныгъэ, металлургие IэнатIэхэм.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам зэрагъэпэща хъугъуэфIыгъуэхэм зрагъэужьу, иджырей дунейпсо мардэм къигъэув къалэнхэм пэлъэщу зеужь, йофIакIуэ нобэ къалащхьэр. Абы щаухуэ псэупIэ унэщIэхэр, еджапIэхэр, гъэсапIэхэр, щэнхабзэ IэнатIэхэр, зыщеужь медицинэм, транспортым, связым, хьэрычэт Iуэхум. Налшык дэтщ дунейпсо мыхьэнэ зиIэ, зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ аэропорт. КхъухьлъатэхэмI сыхьэт бжыгъэкIэ унагъэсынущ къэралым и къалэ зэхуэмыдэхэм. 2019 гъэм и жэпуэгъуэ лъандэрэ «Победа» кхъухьлъатэ компанием Налшык щиублэжащ Санкт-Петербургрэ Москварэ лъэтэныр. 2024 гъэ лъандэрэ Налшыкрэ Къэзанрэ уэгукIэ зэпищIащ Red Wings кхъухьлъатэ компанием. Налшык и курыкупсэм итщ гъущI гъуэгу станцышхуэ. АбыкIэ къалэр пыщIа мэхъу къэралым и нэгъуэщI щIыналъэхэм.

Республикэм, къалэм я унафэщIхэм гулъытэшхуэ хуащI Налшык зыхуей псомкIи къызэгъэпэща, европей псэукIэ мардэм тет щыхьэр хъуным. «Урысейм и къалэ» федеральнэ проектым ипкъ иткIэ, 2017 гъэм къэралым къыщыхахауэ щытащ ущыпсэуну нэхъ тыншу къалъытэ жылэ нэхъыфIхэр. Абы кърикIуахэм хэплъэжа нэужь, наIуэ къэхъуащ Налшык ди къэралым и апхуэдэ къалэхэм ящыщ нэхъыфIитхум зэрахэхуар. Апхуэдэу Domofond интернет порталым иджыблагъэ къызэригъэпэщауэ щытащ щIыпIэмрэ щIыуэпсымрэ я къабзагъэм тещIыхьа IэIэтыр. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, Налшык Урысей Федерацэм и къалэ нэхъ къабзэхэм, хьэуарэ къэзыухъуреихь щIыуэпскIи нэхъыфIхэм халъытэри, еханэ увыпIэр къылъагъэсащ.

Налшык и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэр абы щыпсэу цIыхухэращ. Мы зэманым абы дэсщ КъБР-м и цIыхухэм я процент 40-м щIигъур, цIыху 245588-рэ. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэр къапщтэмэ, щыпсэу цIыху бжыгъэмкIэ Налшык етхуанэ увыпIэм щытщ. Зыщыщ лъэпкъымрэ зэрахьэ динымрэ емылъытауэ, къалащхьэм и цIыхухэр хущIокъу зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зэрызэдэпсэуным. Ди къалащхьэм къуэш ищIащ ди къэралым, хамэ щIыпIэхэм хыхьэ жылэ зыбжанэ. Апхуэдэхэщ Владикавказ, Амман (Иордание), Къайсэр (Тырку), Рино (США) къалэхэр. ЩызекIуэ хабзэ дахэхэмрэ нэмысымкIэ, хьэщIагъэрэ ныбжьэгъугъэкIэ ди къэралым щыпэрытхэм халъытэу а унэтIыныгъэмкIэ УФ-м етIуанэ увыпIэр зыхуагъэфэща Налшык дэтхэнэми хузэIухащ. Апхуэдэущ абы и цIыхухэр зэрыпсэур. Аращ щIыналъэ телъыджэкIэ къыщIеджэри.

Зыужь, ефIакIуэ, ехъулIэныгъэрэ зэIузэпэщыгъэрэ ущымыщIэу, насыпым и нэщэнэ налыр зи дамыгъэ, фIыуэ тлъагъу ди Налшык къалэ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

## Сосрыкъуэ и жьауэм щIэту

**ХьэтIохъущокъуэм и хадэр и инагъкIи, и дахагъкIи ди къэралым и зыгъэпсэхупIэ нэхъыфIхэм хабжэ. Жыжьэ къыщожьэ абы и тхыдэр. Лъэпкъ щIэныгъэлI цIэрыIуэ Думэн Хьэсэн зэритхамкIэ, абы и япэ жыгхэр пащтыхьыгъуэм и унафэкIэ хасауэ щытащ 1851 гъэм. Пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкIэ жыг Iэрысэ мини 5-м я къудамэхэр мэзым къыщыкI жыгхэм дагъэкIащ. 1860 гъэхэм щIым техуа хабзэхэр щызэблахъум, Налшык и хадэхэр ХьэтIохъущокъуэ ХьэтIэхъущыкъуэ и мылъкум хабжащ. Апхуэдэу «ХьэтIохъущокъуэм и хадэ» хъуащ.**

ПХЪЭЩХЬЭМЫЩХЬЭ лIэужьыгъуэу абы имыт щыIэтэкъым а зэманым: кхъужьейхэр, мыIэрысейхэр, балиейхэр, балий Iэрысейхэр, шэфтал, мэракIуей, н.къ. КIарцхэмрэ бзиихухэмрэ сатыр дахащэу ирикIуэрт. УдзыпцIэр телъыджэт, ихъуреягъыр мэракIуейрэ шэфталу. Жызумейхэм псы щIагъэлъэдэн папщIэ, хадэм ипщэкIэ псы къызэпрашат. Къуалэбзу лъэпкъхэмкIи къулейт ар.

1890 гъэм щегъэжьауэ хадэ зехьэным ахъшэу текIуадэр «Къэбэрдей цIыхубэ мылъку» банкым къиутIыпщу хуежьащ. Зэман дэкIри, дэфтэрхэм къызэраIуатэмкIэ, 1898 гъэм хадэр ХьэтIохъущокъуэм имеижу «Къэбэрдей жылагъуэм» и мылъку хъуащ. Жэпуэгъуэ революцэ инымрэ граждан зауэмрэ я илъэсхэм хадэр дэхуэхауэ, ар къалэдэсхэм я Iэщ гъэхъупIэу щытауэ итщ дэфтэрхэм. Ди щIыпIэм совет властыр щагъэува нэужь, Налшык округым и ревкомым узыншагъэ IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI Абаев Измаил и жэрдэмкIэ Къалмыкъ БетIал унафэ къыдигъэкIауэ щытащ «ГуащIэрыпсэухэм я хадэкIэ» зэджэ хъуа зыгъэпсэхупIэр хъумэным теухуауэ. 1923 гъэм ар хъуащ «Къэбэрдей хадэ», 1949 гъэм, Сталиныр илъэс 70 зэрырикъум и щIыхькIэ, «Сталиным и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей парк» фIэщыгъэхэр игъуэтащ. Сталиным хуащIа пщIэр егъэлеиныгъэу къалъытэжа нэужь, хадэм «Налшык парк» фIащыжащ.

Налшык къалэ дэт зыгъэпсэхупIэ паркым «ХьэтIохъущокъуэм и хадэ» фIэщыгъэр иратыжыну лIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм къыхилъхьащ Думэн Хьэсэн. А жэрдэмыр даIыгъыу, жэнэт щIыналъэм мы зэманым игъуэтыжащ зеям и цIэ дыдэр. Гектар 250-м щIигъу зыубыд хадэшхуэм къэкIыгъэ лIэужьыгъуищэхэр итщ. Абыхэм яхэтщ нэгъуэщI щIыналъэхэм, къэралхэм кърашахэр. Хадэм и теплъэри махуэ къэс йофIакIуэ. Абы и зекIуапIэхэр, лъэс лъагъуэхэр екIуу кърагщIыкIащ, тетIысхьэпIэ дахэхэр, уэздыгъэ цIыкIухэр къащхьэщыту, гъуэгубгъухэм щагъэуващ. Бзииху дахэхэр екIуу щегъэкIэкIа лъагъуэхэр лъакъуэрыгъажэкIэ къыщыбжыхь хъуну къызэрагъэпэщащ. Илъэс псом абы щолажьэ аттракцион зыбжанэ, джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэм хуэщIа пэшхэр, лъэпкъ шхыныгъуэ къэуатхэр щагъэхьэзыр шхапIэхэр.

Иужьрей илъэсхэм хадэми абы епха зыгъэпсэхупIэхэми хэпщIыкIыу заужьащ. ХьэтIохъущокъуэм и хадэр къалъытэ Урысей Федерацэм и зыгъэпсэхупIэ парк нэхъыфI дыдэу. А хадэ цIэрыIуэм нэмыщI, цIыхухэм, къалащхьэм и хьэщIэхэм папщIэ Налшык щолажьэ зыгъэпсэхупIэрэ узыншагъэр щрагъэфIакIуэ IуэхущIапIэу 30-м щIигъу. А псори зыхуэщIар псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ, гъащIэр нэхъ тынш, щIэщыгъуэ щIынырщи, къалащхьэм и унафэщIхэм абы гулъытэшхуэ хуащI.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

## IэщIагъэлIхэм я кIыщ

**Къалащхьэм дэтщ курыт школрэ гъэсапIэу 100-м щIигъу. Нобэ и бжэхэр къызэIуех иужьрейуэ абы щаухуа школыщIэм. Налшык и гъэсапIэхэм, еджапIэхэм мы зэманым йокIуалIэ сабий минхэр. Курыт щIэныгъэ зиIэ ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIхэм щыхагъахъуэ Налшык, республикэм и нэгъуэщI щIыпIэхэм, гъунэгъу щIыналъэхэм щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм, курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ щрагъэгъуэтхэм.**

ЗИ КЪЭХУТЭНЫГЪЭХЭМКIЭ къэралым, хамэ щIыпIэхэм цIэрыIуэ щыхъуа ди щIэныгъэ IэнатIэхэм ящыщщ къалащхьэм дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэр. Ахэр, я къудамэхэмрэ я нэIэм щIэту лажьэ IэнатIэхэмрэ хэту, пщыкIутху мэхъу. Лъэпкъ щIэныгъэлI пажэхэм я нэхъыбэр щагъэхьэзыр, цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ етыным хуолажьэ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр, КIуэкIуэ Валерий и цIэр зыфIаща Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетыр, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтыр, Бгы лъагэ геофизикэ институтыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и щIэныгъэ институтыр, нэгъуэщIхэри.

ЦIыхубэ хозяйствэр мы зэманым хуабжьу зыхуэныкъуэ лэжьакIуэ IэщIагъэхэм щыхурагъаджэ а еджапIэ нэхъыщхьэхэм къепха техникумхэм, колледжхэм, лицейхэм.

И зэфIэкIхэмкIэ ди республикэми къэралми щыцIэрыIуэщ Налшык дэт Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр. Ар 1957 гъэм къызэрагъэпэщауэ щытащ, 1932 гъэ лъандэрэ ди щIыналъэм щылажьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал педагогикэ институтыр и лъабжьэу. КъБКъУ-м и япэ ректору щытащ нобэ университетым зи цIэр зэрихьэ Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэр. ЕджапIэ нэхъыщхьэм и статусыр зэрахъуэжам къалэну къыхуигъэувыр зыхуэдизыр фIыуэ зыщIэ ректорым а лъэхъэнэм куэд зэфIигъэкIащ, еджапIэхэм я щIэныгъэлIхэр къригъэблэгъащ, щIэныгъэ школхэр зэфIигъэуващ.

Зыужьыныгъэм и гъуэгу кIыхь къызэринэкIащ КъБКъУ-м. IэщIагъэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт еджапIэхэр гугъуехь щыхэта 1990 гъэхэм ар хуэзащ лъэпощхьэпо куэдым, ауэ и къарури зэфIэкIри яхъумэу, ямыгъэлъахъшэу, щIыхь иIэу щытыкIэ гугъум къикIыфащ.



Нобэ ар къэралым пщIэ щызиIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ, мылъкукIи, къэхутэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкI IэмалхэмкIи, IэщIагъэлIхэмкIи лъэщу зэщIэузэдащ. КъБКъУ-м, иджырей егъэджэныгъэ IуэхущIапIэм зэрыхуэфащэу, университет комплекс зэпэщ иIэщ, кадр, щIэныгъэ, мылъку-техникэ, щэнхабзэ, хъыбарегъащIэ, экономикэ Iэмал псомкIи къызэгъэпэщауэ. Ар япыщIащ къэрал куэдым щыIэ еджапIэхэм.

КъБКъУ-р къокIуэкI, езым и хабзэхэмрэ Урысейм япэу щызэфIэува университет комплексым и фIагъымрэ ихъумэу. Илъэс блэкIахэм абы игъуэта зыужьыныгъэшхуэм укIэлъыплъмэ, наIуэ мэхъу ар Урысей Федерацэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщу нэхъ пажэхэм зэрыхалъытэр.

**ЖЫЛЭ Марэ.**

# Къущхьэ Людмилэ и гухэлъ усэхэр

*Къущхьэ Людмилэ Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ. 1990 гъэм курыт еджапІэр къиухри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ щадж и къудамэм щІэтІысхьащ. Университетыр къызэриух лъандэрэ Псыгуэнсу дэт курыт еджапІэ №1-м щолажьэ. Илъэс куэдкІэ адыгэбзэмкІэ иригъэджащ, мы зэманым курыт еджапІэм хэт библиотекэм и унафэщІщ. Людмилэ и нэІэ щІэтщ «Школ театр» гупри.*

*Илъэс 20 и ныбжьу усэн щІидзащ. Зытетхыхьыр гухэлъщ. «Зи щІалэгъуэр мэпсэу гум и унафэкІэ. Арауэ къыщІэкІынущ лъагъуныгъэ усэхэр стхын щІыщІэздзари. Нобэми аращ сызытетхыхьыр, ар нэхъ къызэхъулІэу къысщохъу», - жеІэ езым. Къущхьэ Людмилэ и усыгъэм щыщ къытыдодзэ.*



## КІэух едзыгъуэ

Уэгунэбзууэ пшэм пхылъэту,
Гупсысэм гъэхэм къыщекІухь,
ФІылъагъуныгъэм и сурэтыр
Пшэ джабэм нуру кІэрещІыхь.
Мыужьых макъамэу гу уэрэдым
И псалъэр гъэхэм зэІэпах,
БлэкІа зэманым иІыгъ нэдым
ГукъэкІыж ІэфІхэр къысхурах.
Зэман гъуэмылэу, гъащІэ куэщІым
Уэ уи цІэр ІэгукІэ къызохыж,
Уи теплъэ дахэу, гъатхэм пэсщІым,
КІэух едзыгъуэр хузотхыж.

## Гугъэ лъэлъэжар

Пшэ чэтхъам ещхьыфэу, уэгум иту,
ЗокІуэ хуэму гугъэ лъэлъэжар.
Ягъэпудрэ, уасэ зыщІамыту,
ЩІотІысыкІ гупсысэ къэутхъуар.
Хы тхьэрыкъуэу блэлъэта си гъащІэм
КъысфІеблыж гупсысэм зыщешэщІ,
Уэ уи теплъэу си псэм едэхащІэм,
Гухэлъ ІэфІхэр си гум щеунэщІ.
Къэгъэзэж зимыІэ зэманыгъуэм
И лъэужь гупсысэр ирокІуэж.
Налкъут щыгъэу бла фІылъагъуныгъэм
ЕгъэзыпІэ гъащІэм щимыІэж.

***

ГукъэкІыжым игъэджэрэзауэ,
Гъэ блэкІахэр сэмбу ешыхьыж.
Лъагъуныгъэр яжьэу лъэлъэжауэ,
Зэман куэщІым кърещыпыкІыж.
- Мыхьэнэ иІэжкъым хэт къуэншами,
Уи блэкІами укІэлъымыІэбэж, -
КъеІущэщыр си гум,
- Арыншами, гъащІэм щыбогъуэт
узмыгъэпэж.
ГъащІэр, жаІэ, напІэ дэхьеигъуэщ,
Упэмыплъэ уигу хэзыгъэщІам,
Лъагъуныгъэр пэжмэ, гъащІэр дыгъэщ,
Къыхуепсынщ зэгуэр ар уигу пІыщІам.

***

Гугъэ, гугъэ, гъащІэ бзыгъэ,
Гум лъэмыкІыр лъэзыгъэкІ,
ГъащІэ кІуэщІым и дамыгъэ,
Дыгъэр зи фэм ефэгъуэкІ,
Сыту уиІэ къаруушхуэ,
ГъащІэм плъокІыр къыпыпщэн,
НатІэм итми «Насыпыншэ»,
Гум лъэбгъэкІыурэ лъэтэн.
Гугъэ, гугъэ, тхьэшхуэ тыгъэ,
ЛІэкІыныгъэ зрита,
Дунейр кІыфІми, уохъу уэздыгъэ,
ГъащІэхъумэу къыдита!

## Сурэт

Уи гугъэр гъащІэм щытемыхуэм,
ХуэщІ уи хъуэпсапІэм зы сурэт,
Узыхуэныкъуэу плъытэ фІыгъуэм
Къыхилъхьэфыну берычэт.
СурэтыщІ Іэзэ умыхъуами,
Тегъауэ гугъэм и мыхъур.
Сурэтым псэ пхухэмылъхьами,
Къыптрилъхьэнкъым зым тезыр.
УмыгъэкІуэду, фІэдзэ блыным
Плъагъуну, напІэр къэпІэтыху.
Насып мыухым, хуэдэу хъуным,
Уи гъащІэр кууэ ихъуэкІуху.

***

ГукъэкІыж, гукъэкІыж,
МурадыфІхэм я купсэ,
Фи къуэпс гъуар къызочыж,
Лъагъуныгъэр хъуауэ шыпсэ.
Псэм гукъанэр къещып,
Лъэлъэжауэ гугъапІэр,
КъеунэщІыр и жып
ЩымыІэж гурылъ лъапІэм.
ГукъэкІыж, гукъэкІыж,
БлэкІа гъащІэм и купщІэ,
Зыми ІэфІ щІэмылъыж,
Гур гукъеуэм хеупщІэ.

## ПхузощІыр си гур анэмэт

Гъэрэщым си гур щІаубыдауэ,
Уи нитІым къыщызахыр лей
Мыужьыхыж мафІэр къысщІадзауэ,
Сопсэу, схуэмыщІу ар сэтей.
Дыгъэпсым щІыр щыщыгуфІыкІым,
СыщогуфІыкІыр уи сурэт,
Уэ - лъагъуныгъэр зигу пымыкІым -
ПхузощІыр си гур анэмэт.

## Аргуэру мис...

Аргуэру мисыр - узогъэз си дзыхь,
ТхылъымпІэ напэ, зыми хуумыІуатэ!
Аргуэру гукъэкІыжхэр йощыпыхь
БлэкІа си гъащІэм и гурыщІэ пхъуантэм.
Дыгъужь нэщІауэ, пхъуантэр къепэмыхь,
ГугъапІэ жыгыу, къыщІегъэщ къудамэ.
ГукъэкІыж ІэфІым гум зреІуэнтІыхь,
Къуршыбгъэ бзууэ, къытекІауэ дамэ.
Си гухэлъ жыжьэм сыкІэлъоІэбэж,
Ужьыха мафІэр пынэжын сфІэщІауэ,
Борэн етауэ, блэкІам егъэзэж,
И дыркъуэр си гум кууэ къытенауэ.

***

Жэщ салъкъыну гуакІуэу,
СепщІыхьащ зы пщІыхь:
Уи нэм сраплъапІэу,
Уи гум схуищІу дзыхь.
Пэрыуэншэу, гугъэр
ЛІыгъэм исеят.
Лъагъуныгъэр - дыгъэр
Дэ тІум дыдеят.
Мазэм и фэр пыкІри,
Дыгъэр къыщІэкІащ,
И чэзури икІри,
ПщІыхьыр зэфІэкІащ.
УзиІэжкъым. Нэпсыр
ЗимышыІэу къох,
Лъагъуныгъэ къуэпсыр
АдрыщІкІэ йох.

***

ГугъапІэм къыхедзэ псэм хыхьэу уэрэд,
КуэдыщэкІэ гъащІэм щыгугъэу.
Бзэгупэм уэрэдыр кІэщІ дыдэу полъэт,
Псэуныр афІэкІ имылІыгъэу.
Пшэ лъагэм щхьэщыкІыу
уэрэдыр лъэтэнт,
И псалъэхэр уи гум нэсамэ,
Макъамэ дахащэкІэ пшынэм еуэнт
Си гъащІэр, узиІэу щытамэ.

## Си гъащІэ дыгъэ

Си гъащІэ дыгъэ, си гугъапІэ, си дуней,
Уэрыншэм, мы си гъащІэр сысымей.
Уи зэ Іуплъэгъуэм сщещІыр жэщыр нэху,
Сэ узигъащІэщ, уэ сыпфІэмыІуэху.
Сэ узиплъапІэщ, уоплъыр уэ нэгъуэщІ,
Сохъумэр уи гур, уэ сысейр хогъэщІ,
Апхуэдэу дыуфэразэу гъэхэр блокІ,
Щхьэзакъуэныгъэм си псэр
нэху къыхуокІ.

*Зыгъэхьэзырар* **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

# Мы махуэхэм

**Шыщхьэуіум и 30,**
*щэбэт*

**♦ Залымыгъэ кІэлъызэрахьэу ягъэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ**

**♦ 1933 гъэм** къалъхуащ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, Кубаным щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Сэкий Нурдин**.

**♦ 1941 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ **Сыжажэ Валерэ**.

**♦ 1961 гъэм** къалъхуащ атлетикэ хьэлъэмкІэ спортым и мастер, УФ-м щІыхь зиІэ и гъэсакІуэ **ХьэфІыцІэ Мухьэмэд**.

**♦ 1981 гъэм** къалъхуащ хьэрычэтыщІэ, юридическэ щІэныгъэхэмкІэ кандидат **Едыдж Едыдж**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

**Шыщхьэуіум и 31,**
*тхьэмахуэ*

**♦ Шахтерым и дунейпсо махуэщ**

**♦ 1971 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым Октябрь Революцэ орденыр къратащ.

**♦ 1902 гъэм** къалъхуащ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, адыгэбзэр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа **Турчанинов Георгий**.

**♦ 1928 гъэм** къалъхуащ психологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, УФ-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **КІытІэ Ахьмэд**.

**♦ 1928 гъэм** къалъхуащ АР-м щІыхь зиІэ и сурэтыщІ **Иуан Аслъэн**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 32-рэ, жэщым градус 20 - 22-рэ щыхъунущ.

**ФокІадэм и 1**
*блыщхьэ*

**♦ ЩІэныгъэхэм я махуэщ**

**♦ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыгъуэм и махуэщ.**

**♦ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и махуэщ.**

**♦ Дзэ щІыхьым и къалэ, КъБР-м и щыхьэр Налшык и махуэщ.**

**♦ 1569 гъэм** урыс пащтыхь Иван IV и щхьэгъусэ, Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие) дунейм ехыжащ.

**♦ 1674 гъэм** адыгэпщ Муцал и къуэ Къасболэт и дзэм Азов и деж тыркудзэр щызэтрикъутащ.

**♦ 1940 гъэм** Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр лажьэу яутІыпщащ.

**♦ 1940 гъэм** Налшык къыщызэрагъэпэщащ адыгэ, балъкъэр балет студиехэр.

**♦ 1909 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакІуэ, Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщІу щыта **Къудей Чэрим**.

**♦ 1922 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛІыхъужь **Къуэш Алий**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 33 - 35-рэ, жэщым градус 21 - 23-рэ щыхъунущ.

**ФокІадэм и 2,**
*гъубж*

**♦ ЕтІуанэ дунейпсо зауэр щиуха махуэщ**

**♦ 1943 гъэм** Къанкъуэщ Ахьмэдхъан Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр къыфІащащ.

**♦ 1954 гъэм** къалъхуащ сурэтыщІ-живописец, УФ-м и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Ерчэн Исуф**.

**♦ 1983 гъэм** къалъхуащ атлетикэ хьэлъэмкІэ спортым и мастер, дунейпсо чемпионатым жэз, Европэпсо зэпеуэм дыжьын медалхэр къыщызыхьа **Къардэн Рагнеттэ**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 32 - 34-рэ, жэщым градус 21 - 23-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**Ныбжьэгъум занщІэу къыбжиІэнщ, бийм уи щІыбкІэ щигъэІунщ.**

# Налшык къыпекІуэкІынущ

**2026 гъэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къызыхуэтыншэу щызэрагъэпэщыжынущ автомобиль гъуэгуу километри 100-м нэблагъэ. А лэжьыгъэхэм я нэхъыщхьэу щытынур Налшык къалэм къыпекІуэкІыу ящІыну гъуэгухэм я япэ Іыхьэрщ. Абы и фІыгъэкІэ, хамэ щІыпІэхэм къикІауэ къалэ кІуэцІым щызэблэкІ транспортым я бжыгъэм фІыуэ кІэрыхунущ, къыщыпкІухьынуи нэхъ тынш хъунущ.**

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР щрагъэкІуэкІынущ къэрал трассэм километри 8 хуэдизкІэ къыщыхэкІ гъуэгум икІи Налшык къалэм Щоджэным и цІэр зезыхьэ и уэрамым нэсынущ ар. ЗэкІэ а щІыпІэм мывэкІэщхъхэр тракІутэнущ,

Дызыхуэкlуэ илъэсым псори зэхэту гъуэгу лэжьыгъэхэм республикэм и щІыпІи 10 къызэщІрагъэубыдэнущ, 2-р - ІэрыщІ ухуэныгъэу. Абы хохьэ Новопавловск - Прохладнэ - Мэздэгу щІыналъэхэр зэпызыщІэ трассэр. 2025 гъэм лэжьыгъэхэр щызэфІагъэкІынущ Прохладнэ щІыналъэм и гъунапкъэм нэсыр, километри 6,5-рэ зи кІыхьагъ гъуэгур. ЕтІанэгъэ къагъэщІэрэщІэжынущ Ставрополь крайр, Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Осетие Ищхъэрэ - Аланиер зэпызыщІэ, километри 7 зи кІыхьагъ трассэри.

Программэм апхуэдэу хохьэ Чернэ Речкэрэ Благовещенкэрэ (км 12,7-рэ), Малкэрэ Ингушлирэ (км 4), Чыщбалъкъ къуажэм Чкаловым и цІэр зезыхьэ и уэрамыр, Налшык, Май къалэхэр зэпызыщІэ, Сэрмакъ къуажэм къыпекІуэкІ автомобиль гъуэгухэр, нэгъуэщІхэри зыхуей хуагъэзэну.

КъищынэмыщІауэ, Май, Тэрч щІыналъэхэм я зэхуакум деж тэрчыпсым телъ лъэмыжыр, Прохладнэ - Елъхъуэт трассэм пэгъунэгъуу, къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ.

**БАТОКЪУЭ Албэч.**




● Псалъэ шэрыуэхэм къарыкIыр

# Ин жылэ - цIыкIу Iуатэ

***И ныбэ нэщI и Iэ телъыжщ.*** ИмыIэми зыхуегъэшэч: и напэр щIытекIын илэжьыну хуейкъым – хьэлэлу, пэжыгъэр и нэрыгъыу псэумэ, нэхъ къещтэ.

***И Iэгу и Iэнэщ.*** ХьэлэлыIм хужаIэ.

***Ин жылэ - цIыкIу Iуатэщ.*** Балигъхэм жаIэу зэхахыр сабийхэм яIуатэж.

***«Истамбыл губгъуафэ изоплъ» жызыIам нэхъей.*** Езым зэрыхуигъэфащэ, къызэрыфIэщI, зэригугъэ къудейм Iуэхур тезыщIыхьым ауаныщIу хужаIэ.

***Къаз псы кIэрыпщIэрэ?!*** «Зэрыщытауэ къонэж» жыхуиIэщ. Бзылъхугъэ зыгъэдэлэ, дэзышэх цIыхухъум ехьэлIауэщ нэхъ къызэрагъэсэфэп хабзэр.

***Къандзэгу пэтрэ гур егъэуфэрэкI.*** Зыгуэр зылъэмыкIын щыIэкъым.

***КъэIэти, тедзэ.*** «Зыри къыпыпхынукъым» жыхуиIэщ.

***Къепыдж жысIа щхьэкIэ, къепыджыпэ жысIат?*** ЩIэпхъаджагъэ нэгъуэщIым езыгъэлэжьу зызыухеижыну пылъым хужаIэ.

***Къызэрызащамкlэ узощэж.*** Зэрызэхэсха дыдэм хуэдэу бжызоIэж. ЖаIар зэрыпэжымкIэ шэс щимыувэм деж къапсэлъ.

**ЩАУЭ Къэлидар.**

● ГъащIэ теплъэгъуэ

# Мазэр ди фэеплъу къыпхуонэ

АРЫСЕЙМ и пащтыхьым и ней зыщыхуа лъэпкъым щыщ куэдыр зэтраукIат, къэнэжар мащIэт. Лъэхъэнэ бзаджэу, адыгэм и гъащIэр щызэтекъута дунейт. Жылэр зэтрагъэсхьат. Лъэпкъым щыщу псэууэ къэна унагъуэм Хэкур ябгынэрт. Абыхэм я пхъур илъэс зыбжанэ хъуат унагъуэ зэрихьэрэ. Быни щиIэт.

Ар нэгъуэщI жылэ дэст. Амыдэр гъащ: «Сэ дауэ сызэрыхъунур, сыкъывогъанэ», - жиIэри. «Уэ, тIасэ, унагъуэ ухэсщ. Узыхэсым уи бынып щыпIыж»,- жиIащ адэм. «Сигу фыкъэкIынущ, дыщ симыIэжу, дауэ сыпсэуну? - мэгуIэ Амыдэ. «Уигу дыкъэкIмэ, мазэр ди фэеплъу къыпхуонэ», - нэщхъейуэ зригъэзэкIащ адэм...

- «Мазэр къыщIэкIмэ, абы еплъыху, ди анэр гъыуэ псэуащ»,- жиIэжу щытащ ди адэшхуэм. Сэри ар сигу къэкIыжыху си гур къызэфIонэ, - и тэмакъым телъ нэпсыр ирегъэнэх зэщыджэурэ Мухьэмэд.

**БАГЪ Марьям.**

# ДжэдыкIэ куда

● Шхыныгъуэхэр



ДЖЭДЫКIЭ ивыкIар яукъэбз, и кIыхьыпIэмкIэ тIуурэ сэкIэ зэпаупщI, кугъуэр кърах, тепщэч мыулъийм иралъхьэри, яуб. Абы халъхьэ шатэ Iув, бжьыныху уба, шыбжий сыр плъыжь уба, шыгъу. Псори зэIащIэри, джэдыкIэ кугъуэр къызрахам бжэмышх цIыкIукIэ иралъхьэ пIинэ къищIу. ЩIыIалъэм дагъэувэри, дакъикъи 6-8-кIэ дагъэт, диин щхьэкIэ. Iэнэм щытрагъэувэкIэ, бжьын цIынэ зэпыгъэлъэлъа тракIутэ. Дашх пIастэ, щIакхъуэ, чыржын, хьэлIамэ.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):*** джэдыкIэу - 2, шатэу - г 20, бжьыныху укъэбзауэ - г 10, бжьын цIынэу - г 5, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.



● Псэущхьэхэм я дуней

# УАШХЭ

УАШХЭР адрей псэущхьэхэм къахэпцIыхукIыну гугъукъым. И кIыхьагъыр см 60- 90 мэхъу, и хьэлъагъыр кг 16 - 24-м нос. Езыр хужьыфэщ, и ныбэ щIагъыр фIыцIэщ, и щхьэми фIыцIагъэ кусит ирокIуэ, и нэхэм нэсу.

А псэущхьэр щопсэу псы Iуфэхэм Iут мэзхэм, бгылъэхэм щыIэхэм нэси докIуей. УарихьэлIэнущ къуацэ-чыцэхэм хэсу.

Уашхэр щIымахуэм и кIыхьагъкIэ мэжей. Абы и шхыныгъуэщ къэкIыгъэхэр, псэущхьэхэм ящыщу дзыгъуэхэр, шындырхъуохэр, хьэндыркъуакъуэхэр, хьэпщхупщхэри и мыхьэмышхкъым. Езым и лыр яшх, абы нэмыщI и щэр узыфэ зыбжанэм я хущхъуэгъуэщ.

● Фэ фщIэрэ?

### Къэгъэзэжыбжьэ

НысащIэр гуащэ-тхьэмадэр зыщIэс пэшым щIашэу абыхэм ятехьауэ къыщыщIашыхькIэ, «уэредадэ» жызыIа щIалэхэр бжэм деж увырти къыщIагъэкIыжыртэкъым, нысащIэр къызэрыщIэкIыжым папщIэ, фадэбжьэ кърамытауэ. Фадэбжьэр зытыр нысащIэм и пщыпхъу е и нысэгъухэрат. Ди зэманым а хабзэм урихьэлIэжыркъым.

### КъэгъэтэджыпщIэ

Нысашэм хэт хабзэщ. Фызышэу нысащIэр къыщашэм деж, къыщIашыну ар зыщIэс унэм щIыхьа иужь, къашэнур къызэрагъэтэджым папщIэ ахъшэ бжыгъэ гуэр ят. Абы зэреджэр «къэгъэтэджыпщIэщ». КъэгъэтэджыпщIэр зытыр нысашэ кIуахэр аращ: щIалэм и къуэш е и Iыхьлы. Къуажэ къэс къэгъэтэджыпщIэу ят ахъшэм и бжыгъэр зэхуэдизкъым. Хабзэр ди зэманми щыIэщ.

### КъэфапщIэ

Унэишэм щыгъуэ нысащIэр и гуащэм трагъэхьэну щыщIашэм деж, фыз къэзышам и Iыхьлы цIыхубз лIы дэкIуахэмрэ лъэпкъым я нысэхэмрэ гъуэрыгъуэурэ къагъафэ. ХабзэмкIэ, хэт къэмыфэми къэфапщIэ итын хуейщ. КъэфапщIэу ят бжьэ, джэд укIа, шхын тепщэч, н.къ. Хабзэр ди зэманми щыIэщ, ауэ иджы къафэми къэмыфэми къэфапщIэ ирагъэт.

### Къепхъых

Нысашэм щыщ хабзэщ. НысащIэр и гуащэм трагъэхьэну «уэредадэкIэ» унэм щыщIашэм деж, дэ цIыкIу, ахъшэ жыгъей, кIэнфет и щхьэм кърапхъых, «къуэ бын, щэ бын» жаIэурэ. Къепхъых зыщIыр нысэ къэзыша унагъуэр аращ. Хабзэр ди зэманми щыIэщ.

### Къандес

ГуфIэгъуэ Iэнэс щызекIуэ хабзэщ, джэгукIэщ. Джэдым и бгъэм хэль къупщхьэ дыкъуакъуэ цIыкIур зэпащIыкIыу баз зэрызэпихьэ джэгукIэм «къандескIэ» йоджэ. Къандес зэпихьахэм зым иIыгъ адрейм Iих хъунукъым, джэгур игу къимыгъэкIыжауэ.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **6**. Зы хьэщIэм зы ... и жагъуэщи, хьэщIитIыр бысымым и жагъуэщ. **7**. ... уиIэмэ, бохъшэ бгъуэтынщ. **8**. Зы къэлэрри къэлэрищэри .... **12**. Ахъшэр ... бжыгъуэщ. **13**. Хьэху ... щыIэщи, хьэху хьыж щыIэкъым. **18**. ... щIагъуэ мэхъу. **22**. ... щысу шыпсэ умыIуатэ. **23**. Чы ... къыумыгъэшар бжэгъу хъумэ, къыпхуэгъэшыжыркъым.

***Къехыу:*** **1**. ХьэщIэр хьэзыр ..., бысымыр хьэзыр? **2**. ФызыфI и ... зэтетщ. **3**. ... мыхъунур жьантIакIэ мэхъури, мафIэ мыхъунур ищхьэм щолыд. **4**. МафIэ нэхур «благъэщ» жыпIэу умыкIуэ, хьэ ... макъыр «жыжьэщ» жыпIэу къыумыгъанэ. **5**. ... и Iуэху блэкIыркъым. **8**. ХьэIуцыдз псори ... мэкъугъ. **9**. Ныбгъуэр хьэм хэсми, ... игу хуэгъэзащ. **10**. Мыщэ шхэри зы ... къелщ. **11**. Щыблэр зыгъэауэм и Iэдэ-уадэщ, ... зезыхьэм и IэщIагъэщ. **14**. Хьэ ... тIысыпIэншэщ. **15**. ... зиIэм кIэи иIэщ. **16**. Псы икIыгъуэм унэмысу уи ... умыIэт. **17**. Малъхьэщ, жыпIэу увэгъу умыщI, ... жыпIэу къебгъэшэн къыумыгъанэ. **19**. ГъуэгунапщIэ сабэм мэкъу щеуэркъым, ер ... жыгым пщIащэ къыпыкIэркъым. **20**. Нэгум щIэлъыр ... кIуащ. **21**. Iуэху зи Iуэху Iуэху Iуощ, шхын зи Iуэху шхын ... .

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ.**

***ШыщхьэуIум и 23-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Хугу. **4**. Чы. **6**. ЦIахуцIэ. **8**. Хьэсы. **9**. Мест. **11**. Къуэш. **14**. Щыпкъэ. **15**. ЕнтIыр. **16**. Дзэй. **22**. Къущхьэ. **23**. Хъурмэ. **24**. Уардэ. **25**. Яе. **26**. Лы.
***Къехыу:*** **2**. Гунэф. **3**. ПцIым. **4**. Гъуэмб. **5**. Чысэ. **7**. Хуарэ. **10**. Гъупщ. **11**. Къуэдэ. **12**. Шей. **13**. ЯтIэ. **17**. Епэр. **18**. Пщае. **19**. Iэуа. **20**. Щхъуэжь. **21**. Iумыл.




# Симфоние макъамэм и пшыхьхэр

**Шыщхьэуlум и 25-28 махуэхэм Налшык къалэм щокlуэкl симфоние музыкэмкlэ «Темыркъаным и пшыхьхэр» фестивалыр. Ар къызэрагъэпэщ СССР-м, РСФСР-м, КъБР-м я цlыхубэ артист, УФ-м и Къэрал саугъэтымрэ Глинкэм и цlэр зезыхьэ саугъэтымрэ я лауреат, литературэ, гъуазджэ унэтlыныгъэхэмкlэ Урысейм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, Санкт-Петербург щlыхь зиlэ и цlыху, а къалэм и къэрал филармонием и Академическэ симфоние оркестрым и художественнэ унафэщl къулыкъум илъэс 30-м щlигъукlэ пэрыта, дуней псом къыщацlыху, оркестр цlэрыlуэ зыбжанэм я тхьэмадэ, дирижёр цlэрыlуэ Темыркъан Юрэ и фэеплъу.**

КЪЭБЭРДЕЙР Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и цlэр зезыхьэ утым шыщхьэуlум и 25 - 26 махуэхэм щагъэлъэгъуащ Темыркъан Юрэ зи унафэщlу щыта симфоние оркестрым и концертхэм щыщ. Абдеж утыку къыщрахьащ ди лъэпкъэгъу артист гъуэзэджэм и гъащlэмрэ гуащlэмрэ ятеухуа документальнэ фильми.

Шыщхьэуlум и 27 - 28 махуэхэм Музыкэ къэрал театрым щекlуэкlащ дуней псом къыщацlыхуа, Темыркъан Юрэ зи художественнэ унафэщlу илъэс 35-кlэ щыта, Санкт-Петербург и къэрал филармонием и Академическэ симфоние оркестр Шостакович Дмитрий и цlэр зезыхьэм и концертхэр.

- Пщlэ зыхуэсщl ныбжьэгъухэ, концертым зыкъэрезыгъэхьэлlахэмрэ Санкт-Петербург и филармонием и оркестр цlэрыlуэмрэ ди гуапэу фыкъыдогъэблагъэ! Хабзэ дахэ хъуауэ, фестивалым хыхьэ концертхэм къытхуэмыгъэсу гъэ къэси дыпоплъэ, - жиlащ КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, пшыхьыр къыщызэlуихым.

Шыщхьэуlум и 27-м оркестрым игъэзэщlащ композиторхэу Цеслюкевич Иринэ, Андерсон Лерой, Петровэ Ольгэ, Стравинский Игорь, Манафовэ Маринэ, Троян Вацлав, Элгар Эдуард, Римский-Корсаков Николай, Сен-Санс Камиль, Бриттен Бенджамин сымэ я лэжьыгъэхэм щыщ. Дирижёрхэр - дунейпсо зэпеуэхэм я лауреат Ньягэ Алексейрэ ди лъэпкъэгъу, дунейпсо зэпеуэхэм я лауреат, КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым и дирижёр нэхъыщ-хьэ Лэкъун Азэмэтрэщ.

Шыщхьэуlум и 28-м концертым и программэм хыхьэу ягъэзэщlащ Чайковский Пётррэ Прокофьев Сергейрэ я симфоние лэжьыгъэхэм щыщ. Дирижёрыр Санкт-Петербург филармонием и оркестр Шостакович Дмитрий и цlэр зезыхьэм и дирижёр нэхъыщхьэ, УФ-м и цlыхубэ артист Алексеев Николайщ. Уэрэджыlакlуэр дунейпсо зэпеуэхэм я лауреат Хрычев Дмитрийщ.

Къыжыlапхъэщ, дунейр мыуэфlами, япэ пшыхьым цlыхушхуэ зэрызэхуишэсар, классикэ макъамэр фlыуэ зылъагъухэм мы пшыхьхэр псы lубыгъуэ пэлъытэ зэрахуэхъуар. Зэхуэсахэм яхэтт гъэ къэси «Темыркъаным и пшыхьхэр» къызыхуэмыгъэсу пэплъэхэр, дуней псом къыщацlыхуа маэстрэм и лэжьыгъэхэм едэlуэну япэу екlуалlэхэр.

Макъамэр гуапагъэкlэ, мамырыгъэкlэ зэрыгъэнщlам, цlыхухэр дахагъэм, фlым къызэрыхуриджэм и щыхьэтт мы фестивалыр.

Фестивалым хуагъэхьэзырат Темыркъан Юрэ и гъащlэмрэ гуащlэмрэ теухуа гъэлъэгъуэныгъэхэри, ахэри щlэщыгъуэу дыдэт еплъахэм дежкlэ.

**ТЕКlУЖЬ Заретэ.**



● Футбол

## Фыдогъэблагъэ!

**Урысей Федерацэм футболымкlэ и етlуанэ лигэ. «Б» дивизионым и Япэ гуп. Тlощlрэ епlанэ джэгугъуэ «Спартак-Налшык» - «Рубин» (Ялтэ) Налшык. «Спартак» республикэ стадион. Шыщхьэуlум и 30-м. Сыхьэт 17-м.**



# «ЦIыхубэ участковэ-2025»

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэхаублэнущ «Цlыхубэ участковэ-2025» урысейпсо зэпеуэр. Зэхьэзэхуэр lыхьищу гуэшащи, япэмрэ етlуанэмрэ районхэмрэ щlыналъэмрэ щызэхэтынущ. Ар хуэгъэпсащ полицэм и лэжьакlуэхэм дзыхь хуащlыным, полицэм и участковэ уполномоченнэхэм я къалэнхэр зыхуэдэмрэ зэфlагъэкlхэмрэ жылагъуэм ягурыгъэlуэным.**

ЗЭПЕУЭМ и дэтхэнэ lыхьэми щытекlуэр къыхахынущ цlыхухэм я онлайн-lэlэтым къурикlуахэмкlэ. Гукъыдэж зиlэ дэтхэнэми lэ хуиlэтыфынущ полицэм и участковэ уполномоченнэу а цlэр зыхуэфащэу къилъытэм.

«Цlыхубэ участковэ» цlэм щыщlэбэныну зэпеуэм и япэ lыхьэм хэтыну дэтхэнэми и lуэхущlафэхэм щыгъуазэ зыщыфщlыфынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэ МВД-м и Интернет-сайтым.

Зэпеуэм и япэ онлайн-lэlэтыр екlуэкlынущ мы гъэм фокlадэм и 11 - 20-хэм. Абы щытекlуа участковэхэу етlуанэ lыхьэм хэтынухэр наlуэ къащlынущ жэпуэгъуэм и 7-м. Онлайн-lэlэтыр 2025 гъэм жэпуэгъуэм и 7 - 16-хэм екlуэкlынущ.

Зэпеуэм и ещанэ (кlэух) федеральнэ lыхьэм хэтынущ ипэкlэ екlуэкlа зэпеуэхэм щытекlуахэм ящыщу дэтхэнэ щlыналъэми къыбгъэдэкl зы участковэ.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**



# Нэхъ лъэщхэр Грознэ макIуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым дзюдомкlэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтlа зэхьэзэхуэ Кэнжэ къуажэм дэт спорт комплексым иджыблагъэ щекlуэкlащ. Абы щызэпеуащ республикэм и щlыналъэхэм я бэнакlуэ, щlалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 200-м щlигъу, я ныбжькlэ илъэс 18-м щlимыгъуауэ.**

Я ХЬЭЛЪАГЪ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпlэхэр къыщахьащ Джэданэ Амырхъан, Къуэныкъуей Идар, Шыгъэлыгъуэ Аскэр, Къамбий Сэфарбий, Хъуран Къантемыр, Къущхьэкъан Амир, Шыкъ Эльнур, Къуэдз Алий, Мусуков Алим, Къумыкъу Алинэ, Баженовэ Изабеллэ, Акимовэ Дарье, Бобровэ Адэ, Къущхьэ Ясминэ, Щад Дилианэ сымэ.

Иджырей зэхьэзэхуэр къызэрыхахыу щытащ икlи абы къурикlуахэм ятещlыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэм бэнакlуэ нэхъ лъэщхэр хагъэхьащ. Мы гъэм ахэр хэтынущ Кавказ Ищхъэрэм пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтlауэ Грознэ къалэм махуищкlэ щекlуэкlыну зэпеуэм. Абы щыщlидзэнур фокlадэм и 5-рщ.

**КЪАНШЫУЕЙ Алим.**

*Ди газетым и къыкlэлъыкlуэ номерыр къыщыдэкlынур фокlадэм и 3-рщ.*

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ lуэхущlапlэм ПИ № ТУ07-00117-м щlэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокl. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщl-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.290 • Заказыр №1868

ДИ ХЭЩlАПlЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ цlэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщlанэ къатхэр.

Газетым lэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А